ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ГЪЭЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№11 (21.419) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Соттаевэ Ж.Т. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

И ІэнатІэм щиІэ екъуІэныгъэхэм, законыр пхыгъэкІыным егупсу зэрыпэрытым икІи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ льапІэр фІэщын **Соттаевэ Жанр Таукан и ихьум** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и НалІшык къалэм и прокуроры и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжьым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щІышылэм и 12-м
№2-УП

Меркулов А.В. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Меркулов Александр Виктор и къуэ** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ дЫкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кІеГъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щІышылэм и 1-м
№3-УП

Селиверстов Л.А. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Экономикэм и ІэнатІэмрэ финанс лэжьыгъэмрэ щиІэ екъуІэныгъэхэм икІи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ льапІэр фІэщын **Селиверстов Любовь Александр и ихьум** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щІышылэм и 13-м
№4-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІэ льапІэхэр зыхуэфащэхэм яфІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я ІэнатІэм екъуІэныгъэ инхэр зэрыщІэм папщІэ, цІэ льапІэхэр фІэщыным:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цІыхубз артист» цІэ льапІэр

Сэхъу Хьэсэн Сэрбий и къуэм - «Къафэмкі» «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль» щэнхабзэм и къэрал Іуэхуц1апІэм макъамэмкІэ и унафэщІым.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ льапІэр

Банэ Аскэрбий Анатолий и къуэм - «Къафэмкі» «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль» щэнхабзэм и къэрал Іуэхуц1апІэм и балетым и артистым

Къуэныкъуей Алим Башир и къуэм - «Къафэмкі» «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль» щэнхабзэм и къэрал Іуэхуц1апІэм и балетым и артистым

Къушмэн Оксанэ Валерий и ихьум - «Къафэмкі» «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль» щэнхабзэм и къэрал Іуэхуц1апІэм и балетым и артистым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щІышылэм и 13-м
№5-УП

Къуэныкъуей И.Ю. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я ІэнатІэм екъуІэныгъэ инхэр зэрыщІэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ льапІэр фІэщын **Къуэныкъуей Юрий и ихьум** - «Къафэмкі» «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль» щэнхабзэм и къэрал Іуэхуц1апІэм и балетым и артистым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щІышылэм и 13-м
№6-УП

● Хъыбарыф1

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуитхум псыкІэ я Іуэхур зэпэщ мэхъу

Акъбащ Ипщэ, Курп Ипщэ, Курп Ищхьэрэ, Инарыкъуей, Хьэмидей къуажэхэр псыкІэ къызэрыгъэпэщ цыкІапІэщІэ щІышылэм и 17-м къыщыкІуэжащ Тарч районым щыщ Курп Ипщэ къуажэм. Жылагъуэхэм я нэхъыжьхэр, районым и цІыху пашэхэр къриухьэлІэу псыІудэхр Іуихри а уэхунытщІэр лажьэу нутІыщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

«ИКЪУКІэ гуапэщ цІыухэр куэд льандэрэ гугъу езыгъэхь мы Іуэхур зэрыдагъэкІар, псыр щхьэж зэрыуузэфІэкІкІэ кърашаІІэу зэрыщытам хуэдэ дяпэкІэ къызэрымыхьужнур»,- жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. Абы къыхигъэщхьэхуэкІащ республикэм и властым къуажэхэр егъэфІэкІуэным, мэкъумэш Іэщ1агъэлІэхэм щ1ахъуэ жылагъуэхэм ягъэзэкьын папщІэ Іэмалхэр къахуэгъэзэнэщ1ынымк зэпымыууэ гуЛыпІэ зэрыхуищІыр.

ПсыжапІэщІэм хеубыдэ зы жэщ-маХуэм къриубыдэу псы кубометр мин 10,5-рэ къэзытыфыкІ псыгуэнхэр, псыжапІэщІэр, уэрамхэм псыр зэрыщыІэзбгращ бжьамийуэ псорИ зэхэту кИлометр 45-м нэсыр. Мы Іуэхуныгъэр иригъэзыуэжІащ «Восход» ООО-м.

Курп псыжапІэр лІэщІыгъуэ кІуам и тхуцІ-хьщІ Іуэхуэ щІащ. Аб Іуэхуэ ящІащ, Акъбащ Ипщэ, Курп Ипщэ, Курп Ищхьэрэ къуажэхэр псыкІэ къызэрагъэпэщ1ын папщІэ. Ящэ нтІэсхэм ар хъарзынэу кьагъэсэбэпащ. Ауэ къуажэхэр нэхъ ин хьуа нэужь, ирафын псыр къаймэщІэкІыу хуежьащ, иужьрей илъэс тІощІым къриубыдэу езы псым и фІагьри мыщІагъуэжу екІуэкІащ. А псомИ къадэкІуэу, бжьамийэри фащ, щІыр зэрыгІыысым къыхэкІыу ахэр щІыпІэ-щІыпІэкІэ щызэпытхъыу хуежьащ.

80 гъэхэм «Севкавгипроводхоз» институтым зэхилъхьауэ щытащ псыжапІэр зэгъэпэщыжьымкІэ проект, Ауэ ар игъэзэщІэну щыщІадзар 1991 гъэрщ. А зэманым СССР-р льэпІэжри, мы Іуэхум трагъэкІуэдэн ахьшэ ямыІэж хьуащ. Абы къыхэкІыу лэжьыгъэхэр зэпагъэу-ирагъэжьэжурэ 2004 гъэм нэсащ, ауэ уэхуэныгъэр зэфІагъэхьафакъым.

Республикэм и унафэщІхэм зэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэри, 2007 гъэм мы проектыр хагъэхьауэ щытащ къэралыр зыхуэй уэхуэныгъэхэм. Абы псорИ зэхэту хуХаха сом мелуани 143-м щыщу сом мелуани 100-р федеральнэ бюджетым, сом мелуан 43-р республикэ бюджетым къыхэкІащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм ятеухуауэ ● Хабзэ

2009 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пІэкІэ ахьшэ кьеІыпхьыным пыщІа Іуэхуэхэр зэфІэгъэхьэныр нэхъ тынш хьуащ. Абы теухуа хабзэ ди къэралым къыщащтащ илъэс блэкІам и дыгъэгъазэм.

ХАБЗЭЩІЭМкьыз зэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пІэкІэ ахьшэ кьеІызыхьну хуейхэм Пенсэ фондым щыІнальхэхэм щиІэ ькудамэм апхуэдэ лЫэу зэрыт тхылъ зэщ зэрырагъэхьын хуейр. Фигу кьэдгъэкІыжьнщи, блэкІа гъэхэм апхуэдэ дэфтэрыр илъэс кьэс зэ щІэрыщІэу зэбгъэпэщыжьын хуейт, армыхьуэ а ахьшэр кьыпхуагъэхь пенсэм хэгъэкІауэ кьыпІэрыхьэнут.

- Пенсионерхэм, ныкъуэдыкІуэхэм, апхуэдэ льготэ зиІэ нэгъуэщІ цІыухэм ящІыщІ социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм хуэкІуэ мылъкур ахьшэкІэ кьеІызыхьну хуей куэдым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдыжэкІэ яІэщІэхэр илъэс кьэкІуэнэм хуэгъэпсэ апхуэдэ тхылъыр яубэыкъуэ пІалъэм фІэмыкІыу зэрагъэпэщыныр. Абыхьэм яхэтт зи чэзум пэплъэу цІыху Іувым хэмытыфхэри е, я узыншагъэм сэкъат зэриІэм кьыхэкІкІэ, пенсэ Іуэхущ1апІэм илъэс кьэс мыкІуэфи, - жеІэ УФ-м и Пенсэ фондым КъБР-м щиІэ ькудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ Ало Заретэ. - Мы илъэсым кьыщыщІэдзауэ зафІэлен зэ тхын хуейуэ яращ. Абы и пІалъэр икІынукъым, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пІэкІэ ахьшэ уэзрыхуэмеизжьм тещІыхьа нэгъуэщІ дэфтэр пенсэ Іуэхущ1апІэм тхьыхукІэ.

УФ-м и Президентым унафэ зэрищІамкІэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пІэкІэ ят ахьшэм 2009 гъэм хэхьэнущ: ипэкІэ ар сом 567-уэ щытамэ, иджы сом 615-рэ хьуащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Ядыгъум и бжыгъэм кІэрыхуркьым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі и министерствэм щІэжьблагъэ къызэритамкІэ, 2008 гъэм Къэрашей-Шэрджэсым автомобиль 55-рэ щадыгъуащ, 95-рэ щрахужьыщащ.***

ЩЫПІЭ МВД-м и унафэщІым и кьудэхэ Скрипкэ Владимир зэрыжиІамкІэ, автомобиль ящІыгъуэхэм ящІащІу 5, ирахужьауэ 25-рэ милицэм и лэжьакІуэхэм кьагъэутыжащ.

«Автомобилхэр зыдыгъуэр, езыхужьхэр сэтей кьэпщІыныр илъэс кьэс нэхъ гугъуэ хьуурэ макІуэ. Зэрыхабзэу, щІэпхьаджащІ1эхэм я нэм «кьыфІэнэр» автомашинэщІэхэрщ, нэхьыбэуи ди кьэралым щащІхэрщ. ДыгъуакІуэхэр щамыгъэтІысыхэз кьызэрыхьум е тезыру пІалъэ щІыкІу фІэкІа зэрытрамылъхьэм кьыхэкІыу, бладжащІэхэм я «ГъщІагъэр» фІырыфІкІэ кьагьанэркьымр»,- жиІащ Скрипкэ Владимир.

Спортым и мыхьэнэр кьагуроІуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий щІыпІэ журналистхэм щдэжьблагъэ щагуащІам щыгъуэ къыжьэдэкІыжащ спортымрэ физкультурэмрэ щІыналъхэм зыщыгъэжьыкІэ, льабжьэ кьыхуэзгъэпэщын зэрыхуейр.**

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Май куей

Гъэтіылъыгъэ яІэу

Май кьалэм гъавэхэкІым елэжьну дэт предприятэр жэуапІыкІыгъэ хэпъу ядоГъуэгурыкІуэ гъавэгъэкІхэм.

ІУЭХУЩІАПІЭМгуэдзым, нартыхум, сэхураным я хьуматІэ инхэр гъавэр зэрызэхадз, зэрагъэгъуащ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэригъэпэщащ. Хэгъуэр зэфІэкІа нэужь, мэкъумэшыщІэхэм зэрагурыІуэ уасэмкІэ зыхуеину гъавэм хуэдиз (тонн мини 10) ькьщэхуауэ мы зэманым абы ящІэжь. Предприятэм иІэщ щхьэл, щІакхьуэгъэжьапІэ, сэхуран дагъэ щыщІаху цех. Псом хуэмыдэу щІэупщІэшхуэ яІэщ я щІакхъуэхэкІхэм. Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІэм кьагупсысжьаш щІакхьуэ тщыкІэм и фІыгъэкІэ ар куэдрэ щылащ, и Іэфірм щІэкІыркьым. Мы зэманым предприятэм зы жэщ-махуэм кьрифыбдэу щІакхьуэу 900, булкэ Іэфіу 1500-м нэблагъэ ягъэжьэ. Нэхьыбэрэ ар здригъашэр школхэмрэ Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапІэхэмрэщ. Тэмэму зэтеубгъа хьуа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ пщэджьжьышьхэ зрагъэщІ сабийхэм щІакхьуэрэ хьабзэ яІэрокъу. Дызытехьа ильэсищІым предприятэм къыщІигъэкІ щІакхьуэхэм ІелужьыщІыгъуэхэм хигъэхьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбарыф1

Къэгъэлакіуэхэм я хэщІапІэ

«ПщыкІуэм я хэщІапІэ» хьэщІэщ Іуащхьэмахуэ щыІэм пэгъунэгъуэ къегъэлакІуэхэм я унэ 2009 гъэм щ1ахуэнущ.

ЗЭМАН кІэщІым кьриубыдэу зэпкъралъхьэ унэхэм хуэдэщ абы щагъэувынур. Метр 4200-кІэ Іэтауэ кьурш щыгум итхэщІащым и цІэр 1909 гъэм фІищат Кавказым и бгылпэ щІыпІэхэр хэзгъэщІэнэ зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт горнэ обществом и унафэщІ Лейцингер Рудольф. Абы а зэманым хэщІапІэр нобэ здэщыт щІыпІэм и дежи зы жэщ-махуэ щигъэкІуат, школакІуэ 11 и ГьусэУ. ИужьыІуэкІэ, 1932 гъэм, абдеж ялэ пхъэ унэр щаухуащ икІи экспедицэм и унафэщІым и псалъэкІэ абы фІащащ «ПщыкІуэм я хэщІапІэ». Зэман дэкІри, а унэ щІыкІэр кьатищ хьу хьэщІэщкІэ зэрахьэуэкІащ. Ильэс 60-кІэ щыта хэщІапІэм 1998 гъэм кьыщыхьуа мафІэсым и зэранкІэ сэкъатыщхуэ игъэтат. Унэр ильэсищ дэкІа нэужьщ щызэрагъэпэщыжьыфар. ДяпэкІэ апхуэдэ къэмыхъун папщІэ «ПщыкІуэм я хэщІапІэ» хьэщІэщым и щхьэкІэ щаухуэнущ КъБР-м и МЧС-м и кьеГъэлакІуэхэм я унэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Аруан куей

Іэщ1агъэхэм хагьэгъуазэ

Нарткьалэ дэт «Дохьушокьуэ» ерыскы комбинатым мы махуэхэм зыщрагъэпльыхьащ техник ныбжьыщІэхэм я станцым и гъэсэнхэм.

МЫПХУЭДЭ Іуэхур Іэщ1агъэлІэхэм кьыхалъхьэныр кьызыхэкІар цІыху лэжьакІуэхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхьурщ. ЦІыкІуэхэм зыщапльыхьащ Іуэхуэщ1апІэм и ремонт-механикэ цехым, теплоэлектростанцым икІи яфІэгъэщІэгъуэну кІэльыплъащ токархэмрэ слесархэмрэ зэрыльжьэм. ЦІыху гъащІэм лэжьыгъэм щиубыдэ увыпІэр зэрыльагъэм тепсэльыхьахэщ техник ныбжьыщІэхэм я станцым и егъэджакІуэ Болэ Мухьдин, цехым и мастер БищІо Анзор, ТЭС-м и унафэщІ Трифонов Алексей сымэ.

СЮТ-м и гъэсэнхэр кьаламэ дэт адрей Іуэхущ1апІэхэми яІэну я мурадщ. ГъэсакІуэхэм кьызэральытэмкІэ, цІыхур сабий щІыкІэ дэтхэнэ зы Іэщ1агъэми хэгъэгъуэзэпхьэщ, цІыху лэжьакІуэм щІэ хуищІу кьэтэджьын папщІэ.

НАРТЩАУЭ Динэ.

Зауэ нэужьым

Газэ секторыр апхуэдизкІэ зэхэхьэтащ, абы щІыр щыхьеяу фІкІ пщІэжьащ.

Язынныкъуэ хьэблэхэр щІым щыщ хьужащ, жьг хадз дахэхэр кьыщыкІыу, сабий дыхьэшх макъ кьыщыІуу щыта щІыпІэхэм бомбэм кІриуда кумбрэ уиз кьытахуэрэщ щыпІагъэр. ООН-м кьызэрибжамкІэ, Газэ секторым Израилым и сэлэтхэм щыІэтракъутащ унэ мини 4-м нэс, уэнэшэу цІыху мин 50-м щІигъу кьэнащ. Палестинэр поплъэ хьэрыл кьралыгъуэхэр кьадэІэпыкъуным. Кувейт щызэхуэсауэ, хьэрыпІ кьралхэм я Лигэм зэІуцІэ щрагъэжІуэкІым, Саудей Хьэрыпым и пащтыкьым жиІащ зи унафэщІ пащтыкьыгъэр доллар зы мелардкІэ Палестинэм зэрыдэІэпыкьунр. Адрей хьэрыпІ кьралхэмІи и нэхъ мащІэраз апхуэдизу Газэ секторым хуХахьну гугъанІэхэр щІэщІ.

Хэт щытепщэр тенджыз фІыщІэм?

Урысей Федерацэм и Зауэ тенджыз флотым хамэ кьралхэм сыт хуэдиз базэ кьыщызэІуихми, абыхьэм Севастополь щыІэр яхуэзмыхьужкІыну кьальыгъ нужьрей илъэсхэм тенджыз фІыщІэ флотым и унафэщІу щыта адмиралщим.

Апхуэдэу базэхэр Сириемрэ Тартус, Йеменым и Сокотрэ, Ливием и Триполи, Вьетнамым и Камрань кьалэхэм Урысейм кьыщызэригъэпэщыну и мураду щыжаІэ газет зэмылІуэжьыгъуэхэм кьытехуэ тхыгъэ куэдым.

- Шэч хэмылъу, тенджыз фІыщІэм Севастополь щыдиІэ базэращ нэхьыщІхьэр. Ари тхъумэу, Новороссийск щыІэ базэри едгъэфІакІуэмэ, Тартуси ди флотым зыщигъэбыдэмэ, итІанэ адрей псомИ уегупсыс хьуну аращ,- жиІащ 1998 - 2002 гъэхэм Тенджыз фІыщІэ флотым и унафэщІу щыта, адмирал Комоедов Владимир.

И гъащІэм тогуэзвыхь

США-м и Президент Джорж Буш вакъэ нриуІыпщу хьэкІэ ешауэ щыта журналистым и мурадщ полинкъэ хэщІапІэ Щвейцариемкъыщратыну щІэлъэІуну.

А къэралым и газетхэм кьызэрытехуакІэ, Мунтадар аз-Зейди и лъэІур щигъэІунущ Багдад мы махуэхэм щитыну пресс-конференцым.

Ар кьэзыхьумэ уэчылхэм яхэтщ Щвейцариемрэ щыщ адвокат Поджиа Мауро. Мунтадар аз-Зейди и Іыхьлыхэм абы зыпащІэнымкІэ кьадэІэпыкъуат Жор Пльыжымы щылажьэхэр. Журналистым и гъащІэм ущытегуэзвыхьын щхьэусыгъуэ куэд щыІэр, ар хамэ кьралэ мыІэпхъуэ мыхьыну Поджиа Мауро кьелыгъэ.

НОБЭ

◆Урысейм и инженер дэм и махуэщ. Ар кьралым и Президентым и унафэкІэ 1996 гъэм ягъэуващ, 1701 гъэм Петр I япэ инженер еджапІэ кьызэрызэригъэщащэ щытам и фэеплъу.

◆1954 гъэм США-м и псым щыхауГІыщщхьауэ щытащ зауэ Іуэхуэхэм хуэщІа, ящэу дунейм щызэпкъралъхьа атом псымщІагъэрыкІуэ кхъухьыр, «Наутилус» зыфІащар. Абы и экипажыр щІыхуи 116-рэ хьурт. 1958 гъэмар нэсыфаущ щытащ щыщ и Ипщэ полюсым. 1980 гъэм флотым кьыхагъэкІыжри, а кхъыыр музей ящІыжащ.

◆ЩІышылэм и 21 - 23-хэм Парижи (Франджы) щекІуэкІынущ хьэрычтыщІэ этикэмкІэ Европэпсо форум.

◆ЩІышылэм и 21-м щыщІэдзауэ мазаем и Іуэхуэ Нидерландхэм щекІуэкІынущ Роттердам и 38-нэ Дунейпсо кинофестиваль.

◆ 1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щаущыгъуэ ящІ.

◆1924 гъэм **Ленин (Ульянов) Владимир** Іащ.

◆1926 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цІыхубз тхакІуэ **Хьэхьупащэ Хьэжбечыр.** Ар 2000 гъэм дунейм ехыжащ.

◆1943 гъэм Ставрополь кьыІэщІахьжащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм.

◆ Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэтэ 7-рэ дакьикъэ 34-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 17-рэ зы дакьикъэм.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэтэ 9-рэ дакьикъэ 27-рэ.

ПІалэхэр зыгъэхьэлъэрар ГЪУЩІО Зарифи.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Гурыщхьуэ нэрыщхьуэ уэхуешэ.

«Прохладненский племрепродуктор» предприятэм и закъуэщ инджылыз жэм льэпкьыфІ щагъэхьэу ди республикэм итыр. 1963 гъэм яІэу ди щыпІэм ькьащІэу щыта Іэщ1щхуэхэм я бжыгъэр мин 4-м нэс яГъэбгъуат.

МЫ ЗЭМАНЫМ абы щыщу кьэнар 246-щи, ди щыпІэм сыт и льэныкьуэкІи еэзгъ Іущ лыфІэ-гъэщьфІэхэм я кІапэр зэрамыутІыпщынымк хэтщ. Жэмхэм куэд яшхырькьым, ауэ, абы емыльытауэ, гъэмахуэ хьупІэм щыщьІэ льэхьэнэм махуэм хуэзэу я хьэльагъым килограммым нэс хагъахьуэ. ИтІанэ гъэщІэгъуэну мыбдыхэм яхэльщ гъэмахуэм пащІэрэ джафэу щыта я цІыр щІымахуэ щыІэм кІырр зэхьрыфэу зэрызэрахьуэкІыр. Мы Іэщ льэпкъым льыуэ килограмм 850 - 1000 кьабзэу кьоюІ. Езыхэр ямылейуэ бэшэчщ. КъБР-м и мэкъумэш ІэнатІэм пэрытхэм ящыщ куэдыр нужь ихьащ мы Іэщ льэпкьыр зэрагъэпэщыжьыным тегуэуауэ республикэм щабубэхуа Іуэхум хьыхьну.

Медицинэм зэрыжиІэмкІэ, цІыху кьэс илъэсым льыуэ килограмм 83-рэ мыиэхь мащІэ ишхын хуейщ. Ди республикэм щыпсэуэхэм былымылыр кьоюмэщІэкІ. Абы кьыхэкІыу ар нэгъуэщІ щІынальэхэм кьрашын хуей мэхьу. Аращ Іэщ гъэхьуным нэхьри зегъэужьын хуейуэ кьыщІагъэувыр. Іэщыр гъэбгъэуным теухуа республикэ программэм кьызэрыхэщыжьэ, 2012 гъэм ирихьэлІэу дышхуэ кьызэрыкІ Іэщ1ым я бжыгъэр процент 40-кІэ хагъэхьэну я мурадщ. Апхуэдэ щІыкІэм тету Іэщ гъэхьуным зиужьмэ, льихьэкІкІэ ди щІыхуэр нэсу кьыдэгъэпэща хьунущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхыным теухуа Іэ Іэтыр ирагъэкІуэкІыж, Іэ Іэтым ыкІи Іуэхуабжьыж мурадкІэ эхэныІэ участкоэр кьыдэгъэщынымрэ Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м *Налшык къалэ* *№35/15-5*

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закону 2008 гъэм щыщыкІэм и 5-м кьыдэкІа №56-РЗ-м и 17-нэ статьям ирагъэкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ еш:**

1. 2009 гъэм гъатхэзэм и 1-м Іэ Іэтыр ирагъэкІуэкІыж икІи Іэ Іэтым кьэрикІуэхэр кьабжьыжын папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэхыпІэ участкэу 356-рэ кьыщыдзэгъэпэщын икІи абыхэм №1-м кьыщыщІэдзауэ №356-м нэсыху кьэбжьыкІэ пыухыкІа яхуэгъэувын:

Абыхэм ящыщу:

1. Бахьсэн муниципальнэ районым - хэхыпІэ участкэхэу 26-рэ, №№1 -25

2. Бахьсэн кьалэ округым хэхыпІэ участкэхэу 16, №№26 - 39, 91, 95

3. Дзэлыкьэу муниципальнэ районым - хэхыпІэ участкэхэу 25-рэ, №№40 - 64

4. Лэскэн муниципальнэ районым - хэхыпІэ участкэхэу 11, №№65 - 75

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Урысейм и Либерал-демократие партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м *Налшык къалэ* *№36/16-1*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Урысейм и Либерал-демократие партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуэ ятхын папщІэ къагъэхьа документхэм хэпІыкъу, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхукі» 2008 гъэм щыщыкІэм и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 25, 28, 29, 33 статьяхэм я пкІы 23-рэ зэрытыр, «Урысейм и Либерал-демократие партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр тхын.

2. «Урысейм и Либерал-демократие партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу иригъэтхам и копиер а хэхаІуэ зэгуфэныгъэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м *Налшык къалэ* *№37/17-1*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр тхын.

2. «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу щыхуэ зэгуфэныгъэм и упломоченнэ лІыкІуэм етын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу иригъэтхам и копиер а хэхаІуэ зэгуфэныгъэм и упломоченнэ лІыкІуэм етын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Захуагъэ здэщыІэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащІэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м *Налшык къалэ* *№37/17-4*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу «Захуагъэ здэщыІэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащІэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу иригъэтхам и копиер Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэ хэхаІуэ комиссэм яхуэгъэхьын.

5. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм къыхилхьыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу иригъэтхам и копиер Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэ хэхаІуэ комиссэм яхуэгъэхьын.

6. Мы унафэр цІыхуэх хьыбарегъащІэ Іуэхущапхъэхэм щегъэжьауэ 3-нэ километрым нэсыху.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэу хахыну щыгъэлъэгъуэхэм мы кьыкІэлыкІэнухэр хэтэкІыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м *Налшык къалэ* *№38/18-1*

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закону 2008 гъэм щыщыкІэм и 5-м кьыдэкІа №56-РЗ-м и 34-нэ статьям и 6-нэ Іыхьэм ипкъ ирагъэкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ еш:**

1. «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыналъэ къудамэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и 4-нэ хэхыгъуэм и депутатхэу хахыну къигъэлъэгъуэхэм хагъэкІын Кьардэн Хьусейн Бекъан и къуэмрэ Нафталиев Геннадий Дмитрий и къуэмрэ.

2. Мы унафэр цІыхуэхм хьыбар зэрыгъащІэ Іэнатіэхэм кьыщытедзэн икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и сайтымкІэ Интернетым ильхэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Гъуэгухэм зэрыщызекІуэм жэщми махуэми кІэлъоплъ

● ГИБДД-м къет

«Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къызэрыщыззрагъэпэщыр егъэфІэкІуэныр» федеральнэ программэ хэхахэр гъэзэщІаным хуэгъэзауэ КъБР-м щыІэ МВД-м и къэрал инспекцием и управленэм къыІэрыхьащ гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр зыгъ сурэттех, видео Іэмэпсымэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр гъэзэщІэныр ящыззэгъэпэщ и лажьакІуэхэм «Визир», «Арена» комплексу 41-рэ къратащ. Ягорей Іэмэпсымэр ешы лэжьакІуэхэм яІыгъыу къагъэсэбэп. «Арена» видеофиксаторыр езыр-езыру мэлажьэ. Абы кьызэрыкІухь псынщІэгъыр кьеІущІэ, апхуэдизыр транспортым дэсхэм зэрызекІуэ хабзэхэр кьызэрызэпаудыр етх, мониторымкІэ уегъэгъагъу, а тхыгъэхэм кьытебгъэзэжуи уеплІ мэхъу. Комплексым махуэ псом щыІа кьэхъукъащІэхэр зэхуэхьэс икІи ГИБДД-м адміністративнэ Іуэхуэхмкіэ и къудамэм и лажьакІуэм зэхэзыгъэпэщ и лажьакІуэхэм кьызэнэр хабзэр кьызэпсыхуэдизым ятеуухуа протоколхэр итхыныщІ.

Видеофиксаторым гъуэгухэм зэрыщызекІуэ хабзэхэр кьызэпаудауэ итхахэм, псом хуэмыдэу кьызэрахІухьыпхъэ псынщІагъым щІезыгъэгъэзэрым ятеуухэхэм ялъэ иткІэ жауэ зыхьынур транспортыр зи мылькуу щытхэрщ. НэгъуэщІу жьиІэмэ, сурэт отчетэмрэ ахъшэ зэрыратыну квитанцымрэ поштІэ кьаІэрыхьа нэужь, абыхэм кьызэретхэкъэуа ахъшэр ятын хуейщ. АбыкІэ мыарэзыхэр ГИБДД-м щытхьэусыхэкъэ хъунущ.

Гъуэгу шынагъуэншагъэр кьызэрэзэпэщынымкІэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Къудей Арсен зэрыжиІамкІэ, сурэттех, видео Іэмэпсымэхэр щыфІадза щІыпІэхэм Іуэхур нэрылъагъу щефІэкІуэщ, абыхэм къыщыхъуу фэбжьхэр нэхъ мащІэ хъуащ. Араущ апхуэдэ Іэмэпсымэхэр дяпэкІи кьащІэхуну щІамурадыр.

Езыр-езыру лажьэ ягъэІэпхьуэ комплекхэм, щІэх-щІэхыурэ ягъэІэпхъэгъуэрэ кьыщыфІадзэн папщІэ, гъуэгу фэбжьхэр нэхъыбэрэ кьыщыхъу щыпІэ зэмылІэужьыгъуэу 74-рэ хухахащ. А щІыпІэхэр мы тхыгъэм и гурдэзным кьыщыгъэльэгъащ.

ТКАЧЕНКО Ольгэ.

Езыр-езыру лажьэ сурэттех, видео Іэмэпсымэхэр щагъэувыну щІыпІэхэр:

	Налшык къалэм
1	Мэлбахъуэм и уэрамым, ирородомым хуэзэу (пьэныкъуитІыкІи кІуэхэр кьыпщытэу)
2	Суворовым и уэрамым, автомобилхэм ирахьэлІэ пкъыгъуэхэр щащІэ бззэрым хуэзэу
3	Гарибовым и уэрамым
4	Лениным и уэрамым, Лермонтовым и уэрамым щегъэжьауэ КІыщокъуэм и уэрамым нэсыху
5	Лениным и уэрамым, Сайфи творчествэмкІэ УнэмХуэзэу
6	Кировым и уэрамым, Нэгуэмэм и уэрамым щыщІэдзауэ Баисултановым и уэрамым нэсыху
7	Щоджэнщыкіуэм и уэрамым, Балькъэр уэрамым щыщІэдзауэ Къуэныкъуейм и уэрамым нэсыху
8	Іэдиихэу къуажэм и лъэныкъуэкІэ Налшык и къэдбхьэлІэм (Іэдиихэу къуажэм щегъэжьауэ Самотечнэ уэрамым нэсыху)
9	Кэнжэ къуажэм и Каменскэ уэрамым (Степной уэрамым щегъэжьауэ Ахъмэтым и уэрамым нэсыху
10	Тамань дивизэм и Е-нэ уэрамым (Осетин уэрамым щыщІэдзауэ Мостовой уэрамым нэсыху)
11	Куйбышевым и уэрамым зэрыщІту
	Дзэлыкъуэ районым
12	«Малкэ-Ингушы» автомобиль гъуэгум и 3-нэ километрым щыщІэдзауэ 4-нэ километрым нэсыху
13	«Малкэ-Ингушы» автомобиль гъуэгум и 5-нэ километрым щыщІэдзауэ 9-нэ километрым нэсыху
14	«Малкэ-Ингушы» автомобиль гъуэгум и 12-нэ километрым щыщІэдзауэ 14-нэ километрым нэсыху
15	«Малкэ-Ингушы» автомобиль гъуэгум и 17-нэ километрым щыщІэдзауэ 19-нэ километрым нэсыху
16	Дзэлыкъуэ къуажэ поселкэм, щыпІэ администрацэм и унэм хуэзэу
	Бахьсэн къалэм
17	Бахьсэн Шоссем и 1-нэ километрым щыщІэдзауэ 3-нэ километрым нэсыху, Налшык лъэныкъуэкІэ Дыгулыбгъуей къуажэм и дыхьэпІэм щегъэжьауэ Кьыщэкъ къуажэм кІуэ гъуэгум и къэгъэшыпІэм нэс
18	Дыгулыбгъуей къуажэм и Бахьсэн Шоссе-КІуэкІуэм и уэрам Іыхьэм
19	ПсыкІэху лъэныкъуэкІэ Бахьсэн къалэм и къыдыхьэпІэм
	Шэджэм районым
20	«Шэджэм-2-Шэджэм Ипщэ» автомобиль гъуэгум и 1-нэ километрым щыщІэдзауэ 3-нэ километрым нэсыху
21	Нартан къуажэм Лениным и уэрамым, сайин интернатым хуэзэу
22	Щхьэлыкъуэ къуажэм Лениным и уэрамым, Нныкъуэй къуажэм, «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум я лъэныкъуэкІэ къыдыхьэпІэхэм хуэзэу
	Шэрэдж районым
23	«Старэ Шэрэдж-Жэмтхьэлэ» автомобиль гъуэгум и 22-нэ километрым щыщІэдзауэ 24-нэ километрым нэсыху (ЗэрэгъыкІ, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэхэм я зэхуакум)
	Аруан районым
24	«Налшык-Майскэ» автомобиль гъуэгум, Джэрмэншык къуажэм къыщегъэжьауэ Чернэ Речкэ къуажэм нэсыху
25	Кьэхьун къуажэм кьыпІэжыхуэ гъуэгум
26	«Налшык-Нартхьалэ» автомобиль гъуэгум, ящІу щыІэ заводым хуэзэу
27	«Старэ Шэрэдж- Жэмтхьэлэ» автомобиль гъуэгум, Старэ Шэрэдж, ПсыгуэнэІу къуажэхэм я зэхуакум
	Лэскэн районым
28	«Аргудан-Александровскэ» автомобиль гъуэгум и 3-нэ километрым щыщІэдзауэ 6-нэ километрым нэсыху
29	«Лэскэн ЕтІуанэ-Лэскэн Ипщэ» автомобиль гъуэгум и 4-нэ километрым щыщІэдзауэ 6-нэ километрым нэсыху, Лэскэн ЕтІуанэ, Лэскэн къуажэхэм я зэхуакум)
30	Хьэпчей къуажэм Лениным и уэрамым
	Тэрч районым
31	Тэрч къалэм Лениным и уэрамым
32	«Тэрч-Арыкъ-Хуан» автомобиль гъуэгум, Арыкъ къуажэм дэт кирыт школ №93-м хуэзэу
33	«Лей-Курп Ищхъэрэ» автомобиль гъуэгум и 1-нэ километрым щыщІэдзауэ 3-нэ километрым нэсыху
34	«Прохладнэ - Елъхъуэт» автомобиль гъуэгум и 46-нэ километрым щыщІэдзауэ 48-нэ километрым нэсыху, Интернациональнэ поселкэм хуэзэу
	Май районым
35	«Прохладнэ-Елъхъуэт» автомобиль гъуэгум и 9-нэ километрым щыщІэдзауэ 11-нэ километрым нэсыху
36	Майскэ къалэм и Комсомольскэ уэрамым
37	«Аргудан-Александровскэ» автомобиль гъуэгум и 10-нэ километрым щыщІэдзауэ 16-нэ километрым нэсыху
